



## Pwomès

Antanke yon paran, responsab legal, oswa granmoun ki konsène, mwen bay pwomès mwen pou ankouraje yon bon kalite edikasyon pou tout elèv Florida ak tout mwayen mwen genyen.

Mwen atann gwo bagay nan men pitit mwen epi mwen vle pou tout elèv Florida yo reyisi nan lekòl ak nan lavi a.

Mwen pwomèt pou mwen toujou kontinye patisipe, sèvi kòm yon modèl pozitif, epi kenbe kominikasyon ouvè ak pwofesè ak anplwaye lekòl pitit mwen pou garanti edikasyon se yon gwo priyorite lakay mwen.

Mwen konprann se responsablite mwen pou mwen rete enfòme ak patisipe nan tout aspè edikasyon pitit mwen.

Edikasyon se kle pou reyisi, epi mwen pral fè tout sa mwen kapab pou nourri kapasite pitit mwen pou li aprann.